

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis struktur dumasar kana tiori Levi-Strauss, yén struktur mangrupa cara pikeun néangan réalitas dina hal-hal (objék-objék) anu ngahiji jeung sasamana, lain dina hal-hal anu sipatna individu. Struktur anu kapaluruh dina ieu panalungtikan nyaéta dumasar kana tahapan atawa runtuyan tradisi mudun lemah, nyaéta 1) badanten, 2) ngondang, 3) mudun lemah, jeung 4) babagi. Salian ti éta, maluruh unsur sémiotik dumasar kana tiori modél Charle Sanders Peirce anu ngawengku: 1) indék, 2) ikon, jeung 3) simbol. Saterusna maluruh ajén étnopédagogi dumasar kamandang Warnaen anu didasaran ku tiori Kluckhon ngeunaan ajén budaya, tur dimekarkeun ku Suryalaga jadi moral kamanusaan anu ngawengku: 1) ajén moral manusa ka Pangéran, 2) moral manusa ka pribadi, 3) moral manusa ka manusa séjénna, 4) moral manusa ka alam, 5) moral manusa ka waktu, jeung 6) moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahir jeung batin.

Struktur dina tradisi mudun lemah nyaéta 1) badanten, dina ieu tahapan anu dibadantenkeun téh nyaéta ngeunaan waktu pelaksanaan, saha-sahana anu dihaturan katut saha anu mingpin acara, alat jeung bahan sarta kadaharan anu kudu disadiakeun, jeung lianna, 2) ngondang, dina ieu tahapan nu ngayakeun acara ngondang masarakat nu aya disabudeureunana kaasup dulur nu jauh boh nu deukeut, aya jalma husus anu ditugaskeun pikeun ngondang, sarta méméh ngondang ku nu boga acara geus ditulisan sangkan nu ngondang téh teu poho, ku kituna geus diperhitungkeun dumasar kana kasiapanana, 3) kukubung, dina ieu tahapan aya jalma husus anu ditugaskeun pikeun nyieun kukubung, nyaéta jalma anu dianggap jembar pangaweruhna kana ieu tradisi, kaasup apal naon waé anu kudu disiapkeun dina nyieun kukubung. Kukubung nyaéta korsi anu dijieun sasaungan tina awi anu luhurna ditutupan ku rupa-rupa corak samping sarta dihias ku rupa-rupa dangdaunan. 4) mudun lemah, dina tahapan mudun lemah ngawengku sababaraha prosési nyaéta (1) maca du'a pikeun budak, anu miboga

tujuan sangkan dina lumangsungna acara lancar jeung barokah, du'a anu dibacakeun dihususkeun pikeun budak, di antarana maca dua dina Al-Qur'an surat Al-Baqarah ayat 201 jeung Al-Qur'an surat Al-Furqan ayat 74, (2) nincak kana alat jeung bahan tujuh balikan, alat jeung bahan anu ditincak di antarana bubur bodas jeung beureum, dodol, cau, tangga anu dijieun tina tiwu. Éta alat jeung bahan anu ditincak teu sagawayah tapi miboga harti jeung tujuan nu tangtu, (3) milih alat jeung bahan, dina ieu prosési budak diarahkeun milih alat jeung bahan anu geus disadiakeun dina wawadahan atawa baki anu eusia alat tulis, alat ngaput, alat dangdan, péso, gunting, sisir, kaca, emas, jeung lianna. Unggal alat jeung bahan anu dipilih ku budak miboga gambaran pikeun kahirupan ka hareupna, (4) sawér, dina sawér aya duit récéh (logam atawa kertas), béas, permén, jeung kembang. Sawér mangrupa prosési anu dianti-anti ku masarakat anu ilubiung dina éta tradisi sarta miboga tujuan, mangrupa sukuran lantaran anakna séhat sarta bisa ngalaksanakeun tradisi mudun lemah sacara lancar, 4) babagi, dina ieu tahapan nu boga acara babagi dahareun (berekat) asak ka dulur, tatangga di sabudeureun imah, jeung ka jalma anu mantuan atawa ngarojong kana lumangsungna tradisi mudun lemah. Ieu tahapan miboga tujuan di antarana mangrupa sukuran jeung ngabagi kabarokahan kana naon anu geus dilaksanakeun.

Unsur sémiotik dina ieu panalungtikan kapaluruh tina struktur tahapan tradisi mudun lemah sarta alat jeung bahan dina tradisi mudun lemah anu museur kana *ikon*, *indéks*, jeung *simbol*. Unsur sémiotik anu kasampak dina tahapan tradisi mudun lemah nyaéta: 1) ikon anu ngawengku babagi, 2) indéks anu ngawengku badanten, ngondang, sarta milih alat jeung bahan, 3) simbol anu ngawengku kukubung, maca du'a pikeun budak, sarta nincak alat jeung bahan tujuh balik. Saterusna unsur sémiotik anu kasampak tina alat jeung bahan anu dipilih jeung ditincak ku budak waktu ngalaksanakeun tradisi mudun lemah, tur miboga maksud atawa ma'na dina kahirupan, nyaéta 1) ikon anu ngawengku alat dangdan (lipen, wedak, sisir, jeung kaca), 2) indéks anu ngawengku alat tulis (pulpén, patlot, buku, jeung panggaris), gunting, péso, koréd, arit, alat ngaput (jarum jeung benang), 3) simbol anu ngawengku paré, duit, jeung emas. Kitu deui unsur

lip Ropiatul Ulum, 2023

sémiotik anu kasampak tina alat jeung bahan dina tradisi mudun lemah ditincak ku budak tur nandakeun ngeunaan maksud atawa ma'na dina kahirupan, nyaéta simbol anu ngawengku dodol, béas, tiwu, kurung hayam, hayam, permén, kembang, daun katés, bubur bodas jeung bubur beureum, cau, samping, jeung coét.

Satuluyna ajén étnopédagogi kasundaan dina tradisi mudun lemah museur kana moral kamanusaan nyaéta 1) ajén moral manusa ka Pangéran, kasampak dina tahapan tradisi mudun lemah bagian maca du'a pikeun budak, kitu ogé aya dina alat jeung bahan anu miboga ma'na kahirupan nyaéta bubur bodas jeung bubur beureum katut kurung hayam, 2) ajén moral manusa ka pribadi, kasampak dina tahapan tradisi mudun lemah bagian kukubung, kitu ogé bagian alat jeung bahan anu dipilih ku budak nyaéta, gunting, péso, kaca, sisir, jeung alat dangdan, sarta alat jeung bahan anu miboga ma'na kahirupan nyaéta dodol, hayam, kembang, daun katés, jeung coét, 3) ajén moral manusa ka manusa séjénna, kasampak dina tahapan tradisi mudun lemah anu ngawengku bagian ngondang jeung bagian inti tina prosési tradisi mudun lemah nyaéta, nincak alat jeung bahan tujuh balikan, sawér, tur babagi. Salian ti éta, ajén moral manusa ka manusa séjénna kasampak dina alat jeung bahan anu dipilih ku budak nyaéta alat ngaput jeung duit. Kitu ogé dina alat jeung bahan anu miboga ma'na kahirupan nyaéta cau jeung samping, 4) ajén moral manusa ka alam, kasampak dina alat jeung bahan anu dipilih ku budak nyaéta koréd jeung arit. Salian ti éta ajén moral manusa ka alam kasampak dina alat jeung bahan anu miboga ma'na kahirupan nyaéta béas, 5) ajén moral manusa ka waktu, kasampak dina tahapan tradisi mudun lemah bagian badanten, alat jeung bahan anu dipilih ku budak nyaéta alat tulis, sarta alat jeung bahan anu miboga ma'na kahirupan nyaéta tiwu, 6) ajén moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahir jeung batin, kasampak dina alat jeung bahan anu dipilih ku budak nyaéta paré jeung emas, sarta alat jeung bahan anu miboga ma'na kahirupan nyaéta permén.

Dumasar kana hasil panalungtikan struktur, unsur sémiotik, jeung ajén étnopédagogi anu geus dipedar. Ieu tradisi geus nyumponan kana kritéria dina lip Ropiatul Ulum, 2023

milih bahan ajar, nyaéta 1) dipilih dumasar kana tujuan anu rék dihontal, 2) dianggap miboga ajén pikeun kahirupan manusa, 3) dianggap miboga ajén salaku warisan generasi saméméhna, 4) mangpaat pikeun ngawasa salah sahiji disiplin élmu, 5) saluyu jeung kabutuh sarta minat siswa. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén hasil tina panalungtikan struktur, unsur sémiotik, jeung ajén étnopédagogi dina tradisi mudun lemah bisa dijadikeun bahan ajar dina pangajaran maca artikel budaya Kelas XII.

5.2 Implikasi

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun ngeuyeuban panalungtikan ngeunaan tradisi atawa budaya, kitu ogé méré gambaran ngeunaan panalungtikan struktural, unsur sémiotik, ajén étnopédagogi, sarta larapna kana bahan ajar. Salian ti éta, implikasi tina ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban bahan pangajaran maca artikel budaya. Ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun référénsi pikeun panalungtikan ngeunaan struktural, unsur sémiotik, ajén étnopédagogi, sarta larapna kana bahan ajar.

5.3 Rékoméndasi

Tina hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu ditujukeun ka guru atawa pihak lembaga atikan, sarta panalungtikan satuluyna. Pikeun pangatik, bisa ngamangpaatkeun hasil panalungtikan nyaéta dijadikeun bahan ajar maca artikel budaya. Sabab dina eusi artikel tradisi mudun lemah bisa diterapkeun ka siswa, sangkan miboga moral anu hadé. Salian ti éta, dina artikel tradisi mudun lemah ogé réa ajén-inajén ngeunaan ma'na kahirupan. Pikeun panalungtikan séjénna, dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan pikeun dijadikeun tatapakan panalungtikan nu leuwih jembar, sarta dipiharep bisa nganalisis tradisi atawa budaya anu aya di sabudeureunana ngagunakeun pamarekan anu séjénna.

lip Ropiatul Ulum, 2023

Tradisi Mudun Lemah di Désa Sumbakeling Kecamatan Pancalang Kabupatén Kuningan pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII (Ulukan Struktural, Sémiotik, jeung Étnopédagogi)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu